



## **Fason pou Sipòte Pitit ou Lè lap Li**

### ***Dekode Mo yo***

- *Gade Imaj La.*
- *Reflechi ak sa ki ta fè sans avèk imaj la (oswa sou ki sijè tèks la pale).*
- *Reflechi sou kijan mo yo ta ka ale (sanble yon liv/sonnen byen).*
- *Gade nan premye (mitan, oswa dènye) pati (Gade byen).*
- *Sèvi ak dwèt ou pou dekode mo a.*
- *Èske ou konnen yon mo tankou sa a?*

### ***Tcheke Mo yo***

- *Ou te di \_\_\_\_\_. Èske sa fè sans? Oswa èske li sonnen byen? oubyen Èske sa parèt byen?*
- *Li ta sanble \_\_\_\_\_, men gade nan \_\_\_\_\_. Eseye ankò.*
- *Kisa li ta kapab ye ankò?*

### ***Lekti Kouran***

- *Mete mo yo ansanm pou li sonnen tankou pale.*
- *Li ponktiyasyon an*

## Kesyon Pou Poze Lè Wap Li Pou Pitit Ou Oswa Avèk Piti Ou

### (Istwa) Fiksyon



**Anvan Lekti a**  
(Gade Tit la, paj kouvèti liv la, imaj yo, etc.)

- Kisa ou panse ki pral rive nan istwa sa a?
- Kisa pwoblèm nan kapab ye?
- Kijan pwoblèm nan kapab rezoud?

**Pandan Lekti a**

- Kisa ki te rive jiske la?
- Poukisa sa te rive?
- Kisa ki kapab rive apre?
- Ki santiman pèsonaj nan istwa genyen? Kijan ou fè konnen?

**Aprè Lekti a**

- Kisa kite rive nan istwa a?
- Kijan santiman pèsonaj la te chanje?
- Ki leson ou te aprann?
- Kisa ou te renmen oswa ou pat renmen nan istwa sa a?

## Kesyon pou poze lè wap li pou pitit ou oswa avèk Piti ou

### (Edikatif) ki pa Fiksyon



<b>Anvan Lekti a</b> (Gade Tit la, paj kouvèti liv la, imaj yo, eks.)	<ul style="list-style-type: none"><li>· Kisa ou panse ou kapab aprann nan liv sa a?</li><li>· Ki kesyon ou genyen sou sijè sa a?</li><li>· Kisa ou konnen deja sou sijè sa a?</li></ul>
<b>Pandan Lekti a</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>· Ki nouvo enfòmasyon ou te aprann jiska prezan?</li><li>· Kisa ou te aprann nan imaj sa a (oswa dyagram, kat, elatriye...)?</li><li>· Kisa ou te aprann nan seksyon sa a nan liv la?</li></ul>
<b>Aprè Lekti a</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>· Ki nouvo enfòmasyon ou te aprann?</li><li>· Ki kesyon ou genyen ankò?</li><li>· Èske ou te renmen liv sa a?</li><li>· Kisa ou te renmen oswa ou pat renmen osijè liv sa a?</li></ul>